*Ассаламу гIалайкум!*

# ГЪУДУЛЛЪИ

№72 (9619)

2014 соналъул
*10 октябрь*

*РУЗМАН*

*БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА*

## Районалда МФЦялъул филиал рагьана



Гьаб соналъул 3 октябралда Болъихъ тIобитIана ДРялъул пачалихъалъулгун муниципалиял хъулухъал гьариялъул гIемер функционалияб централъул (МФЦ) филиал рагьиялъул рохалилаб тадбир.

Гьеб рохалилаб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна ДРялъул Бухьеналъулгун телекоммуникациязул министр Сефер ГIалиевас, Республикаялъул МФЦялъул директор ГIусман ХIасбулатовас, районалъул бетIер М.ПатхIулаевас, учреждениязулгун организациязул нухмалъулез ва районалъул гIадамаз.

Гьалбал къабул гьаруна Болъихъ бугеб МФЦялъул филиалалъул нухмалъулев ГIазим ГIумаровас.

Данделъиялда гIахьаллъаралщиназдехунги вуссун районалъул бетIер М. ПатхIулаевас киназдаго баркана районалда МФЦялъул филиал рагьи.

Жиндирго кIалъаялъулъ районалъул бетIерас рекIелчIей загьир гьабуна МФЦялъул филиалалъул хIалтIухъабазул цадахъаб, гъункараб ва мухIканаб хIалтIиялъ районалъул гIадамазе хIажатал документал хIадуризе бигьалъиялъе ва гьелъул даража борхизабиялъе квербакъизе букIиналда.

Районалъул гIадамазе хъулухъ гьабиялъул хIалтIул даража борхизаби гуребги, МФЦялъул филиал рагьиялъ рес рекъанила 16 гIолилал васазегун ясазе гIагараб районалда хIалтIизе бакIал щвеялъеги.

Гьелдаса хадуб кIалъазе рагIи кьуна ДРялъул Бухьеналъулгун телекоммуникациязул министр Сефер ГIалиевасе.

-МФЦялъул хIалтIиялъул аслияб масъалалъун ккола пачалихъалъулгун муниципалиял хъулухъал гьариялъул къагIидаби киназего гIаммаллъун ва бигьаяллъун гьари. МФЦялъул филиалалъул хIалтIухъабазул мухIканаб хIалтIиялъ рес кьезе буго гIадамазе къваригIарал хъулухъал цо бакIалда тIуразаризе.

ГIемер функциялъулал централ рагьиялъ квербакъизе буго халкъалъул хIукуматалдехун божилъи щулалъиялъе. Гьеб дандечIезе буго рищватчилъиялде, гьоркьохъанчиясул хъулухъалдаса пайда босиялде, хIакимчиясе рищватал кьеялде. Гьеб лъугьине буго унго-унгояб рищватчилъиялде данде къеркьолеб цебехъанлъун.

Гьесда хадуб кIалъазе рагIи кьуна Республикаялъул МФЦялъул директор ГIусман ХIасбулатовасе.



-Районалъул МФЦялъул филиал хIалтIизе байбихьана гьаб соналъул 1 сентябралдаса нахъе. Гьеб къокъаб заманалда жаниб къабул гьабун буго 468 гIарза. Гьелда гьоркьоса тIубазабун буго 166 чиясул хъулухъ, хутIарав 302 чиясул хъулухъ тIубазабиялда тIад хIалтIи гьабулеб буго. Гьеб лъикIаб хIасил ккола. Филиалалда гIуцIун ругел шартIаз рес кьолеб буго къокъаб заманалда жаниб районалъул гIадамазе хъулухъ гьабиялъул къадар жеги цIикIкIинабизе. Централда электроннияб низамалда хIалтIулеб буго щуго къабул гьариялъулаб горду. Балагьун чIеялъул зал къачIан буго электроннияб таблоялъ, гIарзаби цIезариялъул къагIидабазул хъварал игIланал чIван руго къадазда. МФЦялъул филиалалъ хIисабалде росун руго жеги тIаде банк рагьиялъе, терминал лъеялъе ва документазул копияби рахъиялъе бакIал гIатIид гьаризе. Гьединго централда хIалтIулеб буго администраторасул бакIги.

Администраторас жаваб кьезе буго тIаде рачIаразул бокьарал суалазе, кьезе руго хIажатал справкаби ва документал.

Районалъул гIадамазул рахъалъа баркалаялъул рагIаби загьир гьарун кIалъазе вахъана телевидениялъул хIалтIухъан МухIамадрасул ГъазимухIамадов. Гьес бицана МФЦялъул филиал кколила халкъалда ва пачалихъалда гьоркьоб хIалтIулеб гьоркьохъанчилъун. МФЦялъул филиал рагьиялъ рес кьезе бугила цере гIадин документал хIадуриялъулъ рукIарал гIунгутIаби тIагIинариялъе. Цере хIажатал документал хIадур гьариялъе гIадамал рекерахъдизе кколел рукIанила цо организациялдасан цогидалде. Гьелъие хIажалъулел рукIанила къоял. Гьанже абуни, цо бакIалда, къокъаб заманалда жаниб хIажатал документал хIадуризе рес бугин щивасул.

Гьелдаса хадуб районалда гIемер функциялъулаб центр рагьиялъе ва багIараб лента къотIиялъе хIурматалъулаб ихтияр щвана районалъул бетIер М.ПатхIулаевасе, ДРялъул Бухьеналъулгун телекоммуникациязул министр Сефер ГIалиевасе ва Республикаялъул МФЦялъул директор ГIусман ХIасбулатовасе .

Рохалилаб тадбиралдаса хадуб гьалбадерица лъай-хъвай гьабуна районалъул МФЦялъул филиалалъул хIалтIухъабазулгунги ва гьез гьабулеб хIалтIиялъулгунги.

**З.ГIУМАРОВА**



## КЪУРБАНАЛЪУЛ ГIИДАЛЪУЛ КЪО КIОДО ГЬАБУНА



Исламалъул бищунго хириял диниял байрамазул цояблъун ккола Къурбан къо. Дунялалъул гIемерал исламиял улкабазул гIадамаз гьеб Къо кIодо гьабула бищунго хирияб, бищунго кIудияб ва гIагараб байрам гIадин. Гьеб къоялъ дунялалъул буссурбабаз къурбаналъе хъола миллионал гIи-цIани, чIегIер боцIи, варанаби ва цогидалги хIайванал.

Нилъер Дагъистаналъул ва гьелдаго цадахъ нилъер районалъул гIадамалги нахъе ккоиаро гьездаса. Дунмекъи ккеларо, районалъул росабазул щибаб кIиабилеб хъизаналъ къурбаналъе гIиялъажо хъунин яги хIайван хъвеялъулъ гIахьаллъи гьабунин абуни.

Гьеб къоялъ кIудияб кири ва Аллагьасул рахъалдаса разилъи щвана гIадамазе, гIицIго къурбан хъвеялъ гуребги, гьелъул гьанал хIажатазе садакъа гьабиялдалъунги ва белъараб гьан кваназе ахIиялдалъунги….

Бищунго цере ахIизе кколел руго,( с.т.гI.в.) МухIаммад аварагас гьабухъе, мадугьалзаби, хадур гIагарлъи ва цогидалги. Узухъда, жидерго ресалда рекъон Къурбан къоялъ кIудияб квербакъи гьабулеб буго гIадамазда гьоркьоб дагIба-рагIи, жахIда-хIусуд тIагIинабиялъеги, гьуинлъи ва божилъи цIикIкIинабиялъеги.

Узухъда, Къурбанкъоялъги КIалбиччанкъоялъги иманалдеги, гIаданлъиялдеги, сабруялдеги ахIизе кIоларел ракIазул гIадамалги камуларо. Гьединазе живго ТIадегIанав Аллагьас кумек гьабеги согIлъи, пахрулъи, кIодолъи бокьи, кьучI гьечIел гIиси-бикъинал жалазе гIоло «тамихI» гьабизе бокьи ва щцин бахъин гIадал пишабаздасан ракIал рацIцIад гьаризе.

Исанасеб къурбаналда иманалъул рахъалъ сахаватлъи бихьизабуна гIи-боцIул бетIергьабазги. Цебе-цебе гIадин, ургъунго, гIадамазул чара гьечIолъиялдаса пайдаги босун, гьез багьаби цIикIкIине гьаричIо къурбаналъе хъвезе ричулел гIиязулги ва хIайваназулги.

Гьебги ккола гьезул ракIазулъ цо къадаралда иман щулалъиялъул хIасиллъун… Аллагьас киназулъго щула гьабейги гьеб!

Чанго рагIи абизин АнсалтIа росулъ Къурбан къо иналъул хIакъалъулъги. Узухъда, гьеб ун батизе ккола районалъул киналго росабалъго гIадин….

Амма дие бокьана гьеб росдал мажгиталъуб балеб букIараб гIидалъул какде росдал киналго гIадамазул рачIинги, хасго гьениб росдал дибирас гьабураб вагIзаги.

Гьеб цIакъго халатаб букIинчIониги дида кинабго ракIалда чIечIо. Амма ракIалдаса унареллъун хутIана ХIумайд-хIажица «Жакъа гIадин гIатIидго динги биччан бугеб, пачалихъалъ гьелъие квербакъиги гьабулеб ва щибаб росулъ кIиго-лъабго ва цIикIкIун мажгиталги ран ругеб гьаб заманалда кодоб ярагъгун щибан, тIилгунгицин ва рагIудалъунгицин гъазаваталъе рахъине шаргIалъ гьукъараб буго. Нилъер пачалихъалъ щивав чиясе ихтияр кьун буго ва шартIал чIезарун руго дин гьабизеги, исламияб букIа, светскияб букIа гIелму босизеги, жиде-жидер ракь хIалтIизабизеги, бацIцIадаб даран -базаралъеги, хIежалде иналъеги. Гьединаб пачалихъалде гъазават гьаби ккола унго-унголъун пикру мукъсанлъилъун, тIадагьлъилъун ва бацIцIадаб исламалдаса къватIире инлъун. Жакъа нилъее гъазават гьабизе кколеб тушман буго нилъерго напс. Гьеле, гьелде балагьизабе гьединаз жидерго бахIарчилъиги, гьунарги, къуватги ва бажариги. Нужер напсал хIалтIизаре нужеегоги, хъизамазеги, обществоялъеги пайдаялъе ва гьел церетIеялъе. Риччаге нужерго напсал, гьадинаб эркенаб улка бокьуларезул кверщаликье ине! Гьезул жакъасеб «садакъа» босаразде метер гьеб данде багъичIого рес гьечIо. Аллагьас тавпикъ кьейги нилъ киназего битIараб гьабизеги мекъаб тезеги »,-ян абурал рагIаби.

Росдал дибирас киналго гIадамал ахIана лъикIаб хьвада-чIвадиялде, цоцаздехун адаб-хIурматалъулаб, рокьи-хинлъиялъулаб гьоркьоблъиялде, росуги, районги, Дагъистанги ва тIолабго улкаги бокьиялде ва тIадегIанав Аллагьасе бацIцIадаб гIибадат гьабиялдегун аварагасул (с.т.гI.в.) нух цIуниялде.

**Ш. ГIАЛИЕВ**

# ЛЪИМАЛАЗУЛ ТIАЛАБ-АГЪАЗ ГЬЕЧIЕЛ ЭБЕЛ-ЭМЕН ТАМИХIАЛДЕ ЦIАЛА



Гьаб соналъул 3 октябралда райадминистрациялъул бетIерасул заместитель ГIабдулдибир ГIабдулдибировасул нухмалъиялда гьоркь, саназде рахинчIел лъималазул ихтиярал цIуниялъул комиссиялъ иргадулаб сапар бухьана МигIарсо гьоркьохъеб школалде ва гьениб тIобитIана заседание..

Гьеб комиссиялъ хал гьабуна КоАП РФялъул 535 статьялда рекъон микьго административияб материалалъул.

Гьеб статьялда рекъон административияб тамихIалде цIала саназде рахинчIел лъималазе букIине кколеб тарбиялъай кьоларел ва гьезул цIалуда тIад чIоларел, къаси кватIараб гIужалъги къватIахъ тира-сверулел рукIунел жидерго лъималазул тIалаб-агъаз гьечIел эбел- эмен.

Комиссиялъул халгьабиязул хIасилазда анлъгоязда тIад гIакIа къотIана, кIигоязда лъазабун тана.

ГIемерисел эбел-инсуда лъалеб гьечIо саназде рахинчIел лъималазе тарбия–лъай кьезеги, гьезул цIалуда тIад чIезеги жидедаго тIадаб букIин яги лъаниги сан гьабичIого толел руго.

Гьелъул хIасилалда саназде рахинчIел лъимал цIаличIого хутIулел руго.

2013 соналъул 8 апрелалъ бахъараб №21 Дагъистан Республикаялъул Законалда «Лъималазе тарбия-лъай кьеялъулъ эбел-инсул жавабчилъи» мухIканго бихьизабун буго эбел-инсуда тIадал ишазул ва жавабчилъиялъул хIакъалъулъ.

Бокьилаан эбел-инсуца гьеб законги цIалун, гьелъул тIалабал тIуразаризе.

*Ж.АХIМАДУДИНОВА*



# Кумек гьабизе ниж хIадурал руго

**Республикаялъул цогидал районаздаго гIадин нилъер районалдаги рагьана росдал магIишаталъулгун продовольствиялъул министерствоялда цебе гIуцIараб,гIадамазе информациялъулгун консультациялъулаб хъулухъ (ИКС) гьабиялъул филиал.**

**Гьеб филиалалъул агроном М.У.Шахрухановгун дандчIвана нижер мухбир.**



***-МухIамадсагIид, тIоцебесеб иргаялда баркула нужеда гьеб идара рагьи, гьарула нужее гьабулелъулъ икъбал.***

***-Баркала***

***-Гьанже бокьилаан гьеб филиалалда тIадал ишазул ва гIадамазе гьелъул бугеб пайдаялъул хIакъалъулъ дуца бицине...***

-Узухъда, районалда гьединаб филиал рагьи цIакъго кIвар бугеб лъугьа-бахъинлъун кколаро, хасго интернеталдаги раккун бокьараб информация щвезе рес бугеб гьаб заманалда. Бугониги, гьеб филиал рагьиялъул пайдаял рахъалги руго. Нилъер, хасго магIаруллъиялъул яшав хурхараб буго росдал магIишатазда. Нилъер умумуз гIасрабазго рекъулел рукIана ракьал, гIезарулел рукIана ахал, хьихьулеб букIана гIи-боцIи. Росдал магIишаталъул продукциялдалъун, гIицIго жалго хьезарун гуребги, гьеб баччулаан бича-хисизе Россиялъул батIи-батIиял регионаздеги.

РакIалде щвезабилин колхозалги совхозалги рукIараб СССРалъул заман. Киналго магIишатазда рукIана специалистал: агрономал, зоотехникал, экономистал, ветврачал... Гьел колхозал совхозалги риххун, гьезул бакIалда гIуцIана юридическиялги юридическиял гурелги СПКаби, КФХаби, ЛПХаби, руго гIемерал предпринимателал.

Росдал магIишаталъул гьел рехсарал къагIидаби хIалтIизарулаго, хасго гьелъул байбихьуда, рукIунел руго гIадамазда ричIчIуларел рахъал ва гьединлъидал раккулел руго батIи-батIиял суалалги. Нижер филиалалъул тIадаб ишлъун ккола цого росдал магIишаталда хурхарал гурелги, экологиялда, маркетингалда ва гьединго инсанасул ихтияразда хурхарал суалазе жаваб кьей.

***-Кида нужер филиал рагьараб ва гьанжелъизегIан нужеца кинаб хIалтIи гьабураб?***

-Нижер филиал рагьаралдаса кIиабилеб лъагIел унеб буго.

Гьединлъидал, абизе бегьула, филиалалъул гIуцIалилаб хIалтIи унеб бугилан. Гьеб заманалда жаниб ниж дандчIвана районалъул цо-цо росабазул нухмалъулелгун, къотIи-къай гьабун буго КФХабазул ва росдал магIишаталъул продукция гIезабулеб цогидалги магIишатазул нухмалъулезулгунги, гьезие рекъараб заманалда дандчIвазе.

***-Кинаб къагIидаялда гIуцIун бугеб нужеца хIалтIи, суал бугев чи живго вачIинейищ кколев яги телефоналъ кIалъанищ суал тIубалеб?***

-Райцентралда кабинет рагьиялъул суал нижер жеги роцIцIун гьечIо, гьединлъидал хIалтIи, заманалъе, нижеца гIуцIун буго РахатIа. Гьенире щвезегIан рачIине рес гьечIел гIадамаз гьал хадур рехсарал номераздеги ахIун кьезе бегьула жидерго суалал:

8 988 440 85 85-экономист;

8 967 392 65 99 -зоотехник;

8 963 413 77 94- агроном.

***-Гьал номеразде ахIун кьураб суалалъе нужеца бачIинахъего жавабги кьолаха...***

-РукIуна суалал нижеда гьеб заманалда жаваб кьезе кIолелги ва жаваб кьезе ккани, заман къваригIунелги.

***-Гьеб сунда бараб бугеб?***

-Кьойилго гIадин раккулел руго цIиял федералиял ва регионалиял законал, батIи-батIиял Постановлениязи. Нижехъе бачIараб суалалъе жаваб кьолаго, нижеца гьеб бухьинабизе ккола гьединал нормативиял документазда. Гьелъие къваригIуна дагьабго заман.

***-Жакъа кьоялде щвезегIан рачIарал суалал ратани, гьел цIикIкIарасел сунда хурхарал ругел?***

-Аслияб къагIидаялда гьел руго росдал магIишаталъул продукция гIезабулезул пачалихъалъ гьабулеб кумекалда, кьолел дотациязда ва субсидиязда хурхарал.

Гьел дотациязул ва субсидиязул мухIканаб сияхI лъун буго 6 июналъ къватIибе бачIараб №46 "Гъудуллъи" газеталдаги. Гьединлъидал дица гьел такрар гьаричIого толел руго.

***-Гьел субсидиял щвеялъе нужеда гьабизе кIолеб кумекго бугищ?***

-Методическиял ва нормативиял материаздалъун кумек гьабизе ккола нижеца. Агрономас ах-хуралда хурхарал суалазе жавабал кьола, экономистас -субсидиязе къваригIунел документазда хурхарал, зоотехникасул хIалтIи хурхараб буго КФХбазул, СПКбазул ва предпринимательлъиялъул цогидал къагIидаби хIалтIизарулезулгун.

Нижехъе суалгун вачIарасе яги телефоналъ кIалъарасул суалалъе жаваб кьезеги нижеда бажарараб кумек гьабизеги ниж хIадурал руго.

**-Баркала, МухIамадсагIид, гарачIвариялъухъ.**

*А.ГIУМАХАНОВ*

# АНСАДЕРИЛ КIУДИЯЛ ГIАДАМАЛ РАЗИ ГЬАРУНА

**Гьаб соналъул октябралъул кIиабилеб къоялда росдал кIудиял чагIазул хIурматалда, санайилго гIадин исанаги, рохалилаб тадбир гIуцIана росдал администрациялъ. Амма цебе-цебе гIадин гьениб букIинчIо ихтилат-кеп: къурдаби, кучIдул ахIи. Гьединго жидерго концерталъулгун театралияб программаялъ росдал хараби рохизаризе хIадурун букIараб школалъул цIалдохъабазул художественнияб коллективалъулги тIубачIо мурад. Гьебни росдал бетIер ХI. ХIайдарбеговас тIаса лъугьинабун батила.. Щайгурелъул, гьес рагIинабидал гьениб, росулъ гьеб къоялъ хвел ккун букIиналъ, кечI-музыка гьабичIого тани лъикI бугилан. Узухъда, гьеса тIад рекъана хералги…**

Цебе ккунго лъазабун букIахъе радал сагIат 10 тIубалелде гьенире ракIарана росдал чIахIиял гIадамал – руччаби ва бихьинал. ТIад гьарзаго кванилал нигIматалгун, гьезде ралагьун ругел столазда нахъа гьел гIодор чIезаруна администрациялъулгун школаялъул ясаз…

Харабаздехун гьарурал кочIол хIурматиял рагIабаздалъун байбихьана учительница Р. ГIузаировалъ рохалилаб данделъи бачине. Гьелъ кIалъазе тIоцебе рагIи кьола **росдал бетIер ХI. ХIайдарбеговасе.**

-Кидаго гIадин вохарав вуго дун,-ян байбихьана гьес,-нужгун дандчIвазеги ва нужер рохалилаб къоялда гIахьаллъи гьабизеги ва нужеда гьеб баркизеги щвеялдасан. Нуж руго росдал бечелъиги, гIакъиллъиги ва намусги. Нуж рухIалда барахщичIого, гурун гъуждулгун хIалтIана росдал, районалъулва-улкаялъулгогои гIаммал ишазда, тарбия кьун гIезаруна лъимал. Нужеца хIехьана КIудияб ВатIанияб рагъул кьогIлъиги, ракъулги къечалъулги захIмалъабиги. Гьединлъидал нужги жакъа гьанир гьечIел росдал нужго гIадал гIадамалги мустахIикъал руго адабхIурматалъеги ва тIалаб-агъазалъеги. Гьелъие ниж кидаго хIадуралги руго.

Баркула киназдаго кIудиял чагIазул халкъазда гьоркьосеб Къо! Гьарула щулияб сахлъи, гIодобе биччараб, ракълилаб гIумру ва лъималазул наслабаздасан рохел.

Гьес баркала кьола гьеб тадбиралда гIахьаллъи гьабизе рачIун ругел районалъул Социалияб хьулухъалъул централъул хIалтIухъабазе.

КIалъазе рагIи кьурав захIматалъул ветеран, **росдал жамгIияв хIаракатчи ХIажи ШагIбановас** росдал администрациялъе баркала загьир гьабула, санайилго росдал гIадамазул (харабазул) адаб-хIурмат гьабиялъеги, сахаватаб квана-гьекъей гIуцIиялъеги. Гьединго гьес киназдаго баркула харабазул байрам. Гьарула унти-щокълъиялдаса ва къварилъабаздасан цIунун хутIи….

-Гьалмагъзаби, хIурматиял ансадерил росдал хараби, гьел рагIаби рекъон рихьуларо дида, лъикI букIинаан санал рарал, яги тIубараб гIакъиллъиялде щварал гIадамалин абуни берцин букIинин ккола,-ян абуна кIалъазе яхъарай районалъул гIадамазе **Социалияб хьулухъ гьабиялъул централъул нухмалъулесул заместитель Ханика МухIамаевалъ,-** ракI-ракIалъго баркула нужеда нужер рохалилаб байрам! Гьарула нужер щивасе ракълилаб, гьарзаяб ва гIодобе биччараб гIумру, хьизан-агьлуялдаса рохун рукIин ва узухъда, щулияб сахлъиги.

Цере-цере нужеда гьеб байрам баркизе ниж рачIунаан сайгъат-саламгун, тIаса лъугьа гьаб нухалъ нижее гьединаб санагIат ккечIо. Гьелъие гIиллалъунги ккола нилъер улкаялда ругел цо-цо захIмалъаби.. Ин ша Аллагь кинабго рукIалиде ккела ва улкаги цебехун туркIила.

Гьединго нижерго рахъалдаса баркала кьезе бокьун буго санайилго харабазул халкъазда гьоркьосеб Къо тIадегIанаб даражаялда тIобитIиялдалъун жидерго росдал херал гIадамал кIодо гьарулев вугев нужер росдал бетIер ХI. ХIайдарбеговасе. ЛъикI букIинаан районалъул цогидалги росабазул администрациязги гьеб рахъалъ гьесдасан мисал босанани. Цо-цо росабалъ инабуни гьеб кIочон толебгицин бугин ккола. КIалъазе рагIи кьуна росдалги районалъулги **жамгIияв хIаракатчи Ш. Лабазановасе.**

-Ассалляму гIалайкум, росдал хIурматияб жамагIат, росдал кIудиял гIадамал, захIматалъул ветеранал ва гьалбал,-ян байбихьана гьес,- рагъулгун, захIматалъул ветераназулги ва росдал харабазулги хIурматалда гьадинал берцинал ва пайдаял данделъабазде хасаб кIвар кьолеб буго **АнсалтIа росдал бетIер ХI.ХIайдарбеговас.** Дир пикруялда гьеб ккола гьесул рухIияб рацIцIалъиялъул хIасиллъун.

Гьединал данделъабаздасан гьес пайда босулеб буго чIахIияб гIелалъул захIматалъегун къо хIехьеялъе къимат кьеялъеги, гьелъие гIоло гьел кIодо гьариялъеги гуребги гIун бачIунеб гIелалъе умумузул бахIарчиял ишазулги, тIаде гIанаб гIаданлъиялъулги рухIалда нравственниябгун патриотикияб тарбия кьеялъеги. Гьеле, гьединлъидалин гьес гьадинал тадбирал щибаб нухалда, школалда тIоритIулел ругелги. Нилъ чIухIарал руго, нилъ кIудиял чагIазул жакъасеб рохалилаб данделъиги улкаялдаго цIар рагIарав Россиялъул БахIарчи, нилъерго ХIажимурадил цIар лъураб школалда ва гьесие лъураб памятникалдаги ва КIудияб ВатIанияб рагъул росдал гIахьалчагIазул обелискаялдаги хьолбохъ унеб букIиналдаса. Гьелдасаги бихьулеб буго росдал администрациялъ тIоритIулел кинал рохалилал данделъаби тIоритIиялъулги гIаммаб мурад, гIунбачIунеб гIелалъе гуребги чIахIиял гIелазеги нравственниябгун рухIияб ва патриотикияб тарбия кьеялде, балагьараб букIин. Гьеб битIарабги буго. Щайгурого халкъазда гьоркьосеб жакъасеб хIалуцараб хIалалдасаги ва бетIералда СШАгун БакътIерхьул улкабаз Россиялдехун гьабулеб бугеб экономикияб гьужумалдасаги бихьулеб бугелъул, нилъкиназего, хасго гIунбачIунеб гIелалъе, рухIиябгун нравственнияб ва патриотикиябгун гьудуллъиялъулаб рухIалда тарбиякьеялде цIикIкIун-кIвар кьезе кколебльи. Гьеле, гьелъулъ кIудияб кумек щвелаан росдал чIахIияб гIелалъул гIумруялъулаб хIалбихьиялдасаги гIакъиллъиялдасаги. Гьединлъидал щивав кIудияв чиясул хIурматияб налъилъун ккола тарбиякьеялъулабишалъулъ жиде-жидер хьизамалдагIаги, гIахьалчилъи гьаби.

Гьалмагъзаби, росдал хIурматиял гIадамал, харабазул халкъазда гьоркьосеб Къо кIодо гьабиялъе жеги цIикIкIараб рохелва рекIелгьей кьолеб буго дагьаб цебе, ай 13 абилеб сентябралда районалда кIодо гьабураб, 1999 соналъул августалда районалъул ракьалдасан халкъалда гьоркьосел хъачагъал хIакъир гьарун нахъе гъуралдаса 15 сонилаб юбилеялъги ва гьениб гIахьаллъи гьабизе вачIун вукIарав Дагъистаналъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповас районалъеги гьелъул тIолалго гIадамазеги къураб кIудияб къиматалъги. Гьединаб къиматалъе кидаго мустахIикъал рукIине сахлъиги икъбалги кьейги нужеегги ва районалъул тIолалго гIадамазеги! Ракълилаб, рохалилаб гIумрукиназего!

КIалъазе вахъарав **райадминистрациялъул бетIерасул заместитель ГIабдумутIалиб ГIабдумутIалиповас** росдалхарабазда баркана халкъазда гьоркьосеб харабазул Къо, гьаранаказе талихIаб, ракълилаб, гIодобе биччараб лъимал наслабаздаса рохалилаб гIумру.

Гьес бицана харабазул гьеб халкъазда гьоркьосеб Къо чIезабиялъул хIакъалъулъги.

-Гьабкъо чIезабиялъул мурадлъункколаро гIицIго байрам хIисабалда гьеб кIодо гьаби,-янабунагьес,- гьеб балагьараб буго херал гIадамазул адаб-хIурмат, тIалаб-агъаз гьабиялдеги, гьезул рагIи, хIалбихьи гIадахъ босиялдеги.

КIалъазе вахъана росдал дибир, **машгьурав гIалимчи Жунайд-ХIажи.**

-Гьес киназдаго баркана херал чагIазул къо, гьарана гьезие Аллагьас къурал къоял тIагIинегIан Аллагь разияб къагIидаялда гIибадат гьабиялъеги, хьвада-чIвадиялъеги наслабазе исламияб къучIалда рухIиябгун нравственнияб ва патриотикияб тарбия кьеялъеги щулияб сахлъиги, парахатаб гIумруги. Росдал бетIерасеги гьарана росдал гIадамазул, хасго чIахIияб гIелалъул тIалабагъазалда, гьезул гIумру бигьа гьабиялда хурхараб хIаракатчилъи къине биччачIого, ритIухълъиги рагьараб къагIидаялдаги цIунун хIалтIизе щулияб сахлъиги икъбалги.

Ахиралда, киналго кванa-гьекъон лъугIиндал дугIа-алхIам гьабулаго росдалдибирас росдае, районалъе, Дагъистаналъе ва улкаялъегоги лъикIлъи, рекъел, талихI, гьарзалъи, гIаданлъи яхI-намусги сундулъго рацIцIалъиги ритIухълъиги цIунизе тIоцебе киналго чиновниказе, хадуб-мухъилал гIадамазе гьарана щулияб сахлъи.

Нахъе унаго киназего кьуна къиматал продуктабаз цIурал ракIал пакетал. Гьелгун ругел хараби рокъо-рокъоре щвезаризе машинаби ритIана росдал бетIерас. Гьеб кинабгоялдаса бугеб разилъиялъулаб гIаламат бихьулеб букIана гьезул щивасул гьурмада.

**Ш. ГIАЛИЕВ.**

# Колонка прокурора

## ПРИНЯТ ЗАКОН ОБ УЧАСТИИ ГРАЖДАН В ОХРАНЕ ОБЩЕСТВЕННОГО ПОРЯДКА

С 1 июля 2014 года граждане смогут участвовать в охране общественного порядка на добровольной основе в соответствии с федеральным законом от 02.04.2014 № 44-ФЗ «Об участии граждан в охране общественного порядка».

Закон предусматривает 5 основных форм правовых основ сотрудничества полиции и населения. Во-первых, это содействие правоохранительным органам. Оно предполагает участие в охране общественного порядка, в том числе при проведении массовых мероприятий, информирование полиции о правонарушениях и угрозах общественному порядку.

Вторая форма - помощь правоохранительным органам в поиске пропавших без вести. Участвовать в ней согласно закону могут только совершеннолетние граждане. Прописаны права и обязанности добровольцев. Власти должны предоставлять им необходимую для поиска пропавших информацию (но только общедоступную). Третья форма - работа в качестве внештатных сотрудников полиции. В законе установлены требования к таким лицам, определены их полномочия. Четвертая форма - участие в деятельности общественных объединений правоохранительной направленности. Основными направлениями работы этих объединений являются содействие в охране общественного порядка, участие в предупреждении и пресечении правонарушений, распространение правовых знаний.

Особое внимание в законе уделено пятой форме - народным дружинам. Прописаны порядок их создания и деятельности, приема в них граждан. Определены полномочия дружинников. В частности, они могут требовать от граждан и должностных лиц прекратить противоправные деяния, применять физическую силу (но лишь в состоянии необходимой обороны или крайней необходимости). Дружинники пройдут специальную подготовку, им будут выдаваться удостоверения и форма.

За невыполнение требований народных дружинников будет взыскиваться штраф. Соответствующие поправки внесены в отдельные законодательные акты, в том числе в Кодекс РФ об административных правонарушениях федеральным законом от 02.04.2014 № 70-ФЗ «О внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации по вопросам участия граждан в охране общественного порядка».

Прописаны в законе особенности создания и деятельности народных дружин из числа членов казачьих обществ.

Народные дружины и общественные объединения правоохранительной направленности могут участвовать в охране общественного порядка по месту их создания только после внесения в региональный реестр.

Предусмотрены правовые и социальные гарантии, а также меры поощрения для внештатных сотрудников полиции и народных дружинников.

Закон прямо запрещает участие граждан в охране общественного порядка, если это заведомо предполагает угрозу их жизни и здоровью.

Законодательное закрепление правовых основ оказания гражданами содействия силовым структурам в поддержании правопорядка направлено на профилактику и устранение правонарушений.

**Д.Джабраилов, зам. прокурора района**

## ДЕТЯМ-СИРОТАМ ДОЛЖНЫ БЫТЬ СОЗДАНЫ УСЛОВИЯ, ПРИБЛИЖЕННЫЕ К СЕМЕЙНЫМ

Постановлением Правительства РФ от 24.05.2014 № 481 утверждено Положение о деятельности организаций и об устройстве в них детей-сирот и детей, оставшихся без попечения родителей.

Согласно Положению проживание детей должно быть организовано по принципам семейного воспитания в группах, размещаемых в помещениях для проживания, созданных по квартирному типу. Воспитательные группы подлежат формированию с учетом совместного проживания в группе детей разного возраста и состояния здоровья, прежде всего братьев и сестер, детей из одной семьи или детей, которые ранее воспитывались в одной семье.

Численность детей в группе не должна превышать 8 человек, а в возрасте до 4 лет - 6 человек. Перевод детей из одной группы в другую не допускается, за исключением случаев, когда это противоречит интересам самого ребенка.

Помещения, в которых будут размещаться группы, должны включать в себя жилые комнаты, санузлы, помещения для отдыха, игр, занятий, приема и (или) приготовления пищи, а также бытовые помещения. При этом следует обеспечить детям индивидуальное пространство для занятий и отдыха.

Предусмотрено закрепление за каждой группой ограниченного количества педагогических работников и индивидуальных кураторов (наставников) детей. Замена педагогических работников запрещается, за исключением случаев их увольнения, болезни или отпуска.

Организации для детей-сирот обязаны обеспечить комфортные условия для посещения ребенка лицами, желающими усыновить его или принять под опеку (попечительство), а также общение ребенка с родителями и родственниками, в том числе в целях возвращения в семью.

Положением установлен перечень осуществляемых видов деятельности и оказываемых услуг данных организаций, порядок и основания для принятия решения по устройству детей в зависимости от вида организации.

Постановление вступает в силу с 1 сентября 2015 года.

**А.АЗИЗОВ, помощник прокурора района**

## ГIИСИНАЛ СПОРТСМЕНАЗУЛ КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИ

МахIачхъалаялда ДГПУялъул спорталъул кIалгIаялда жаниб 24-25 сентябралъ тIобитIана 2000 абилеб ва гьелдаса гIодорегIан соназ гьарурал



гIисинал гIолилазда гьоркьоб волейболалъул рахъалъ республикаялъулаб чемпионат. Гьениб гIахьаллъи гьабуна лъикIаб хIадурлъиги, махщелги бугел, церехун тIоритIарал турниразулъ бергьенлъаби росун гьеб чемпионаталде путевкаби щвараб 10 командаялъ. Нилъер районалдаса гьел къецазулъ гIахьаллъана Болъихъ №1



гьоркьохъеб школалъул спортсменал (тренер МухIамад Исрапилов).

ГIуцIи бугеб лъикIаб хIайги тренерасул малъа-хъваял тIуразариги ккана нилъер команда полуфиналалде рорчIиналъул хIасиллъун. Полуфиналалда нилъерал дандчIвана хундерил командагун. Гьеб хIаялъулъ нилъер спортсменаз бихьизабуна жидерго гьунарги махщелги. 25-12, 25-16 хIасилгун кIиябго партиялда ракIчIараб бергьенлъиги босун нилъер гIолилал рорчIана финалалде.

Амма финалалда нилъеразе битI ккечIо. Чемпионаталда тIоцебесеб бакI щвана Дахадаев районалъул спортсменазе. Нилъер командаялъ ккуна кIиабилеб бакI ва лъабабилеб бакI ккуна хундерил командаялъ.

Баркула спортсменазда ва гьезул тренерасда гьеб тIадегIанаб бергьенлъи, гьарула щулияб сахлъи, икъбал ва гьезул бергьенлъабазул даража борхин.

***П.ДИБИРОВА.***

## График приема граждан начальниками городских и районных территориальных отделов филиала ФГБУ «ФКП Росреестра» по РД

**Понедельник 11.00-17.00**
**Среда 11.00-17.00**
**Пятница 14.00-18.00**
**РД.Ботлихский район, с. Ботлих.**
**Кадастровая палата. «Местность пожарка»**

1. Прием граждан осуществляется в территориальных отделах филиала ФГБУ «ФКП Росреестра» по РД по городам и районам на местах.


*Газета гIуцIарал:* Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив

*Учредители:* Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

*БетIерав редактор* ГI. ГIумаханов

*Редакторасул заместитель* А. Агъларов

*Жавабияй секретарь* З.ГIумарова

*Отделалъул редакторал* Ш. Лабазанов, П. Дибирова

**ГЬУДУЛЛЪИ**
*Тираж 1000*

**Мухбирзаби**
*З.МухIамадова/М.ГIумаханова*

Наборщица П. Эльдарова
Фотокорр. Ш.Муртазалиев
Дизайнер А. Назирбекова
Программист А. Ибрагьимова

*Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6*

*Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ. Регист. ПИ № 10 - 4614*

*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*